

## **Sistèm Tribinal nan Leta Laflorid – Règleman sou Atik VI kont Vanjans**

Se yon règleman nan sistèm tribinal Laflorid (**SCS**), pou yo obsève Lwa Dwa Sivil Atik VI, avèk modifikasyon yo. **SCS** pap e yo pap pral janm ekskli patisipasyon moun, li pap refize bay benefis, oswa li pap lakoz pou okenn moun ta sibi diskriminasyon sou baz ras owsa nasyonalite.

### **Vanjans**

Atik VI Lwa Dwa Sivil 1964 entèdi vanjans, pa rapò a dwa anti-diskriminatwa federal ak Leta. Se nan règleman **SCS** ke moun kap prezante yon plent nan Atik VI diskriminasyon osinon pou lòt aktivite sou pwoteksyon selon Atik VI gen dwa pou fè sa san kaponnaj, san entimidasyon, san obligation osinon gen laperèz pou moun ta vinn pran vanjans.

### **Plent**

Nenpòt ki moun ki kwè ke **SCS** pa respekte Atik VI la dwe prezante yon plent. Si li enpratikab, Moun kap Prezante Plent la<sup>1</sup>, pral prezante plent la a lekri, la bay tout enfòmasyon ki posib de bagay ki pase tout bon yo, ak dat yo, kote sa te pase, moun nan **SCS** ki enplike yo, nimero ka yo, oswa moun nan pati yo, temwen yo, elatriye. Yo dwe voye rapò plent yo ke yo pa respekte Atik VI la bay administratè yo kote ke yo pretann ke diskriminasyon Atik VI la te pase:

- Administratè Tribinal Jijman – Nivo tribinal jijman devan Jij san Jiri;
- Tribinal Lakou Dapèl – Nivo Tribinal Lakou Siprèm; e
- Administratè Tribinal Leta – pou Biwo Administratè Tribinal Leta e Tribinal Lakou Siprèm.

Yo pap tire vanjans kont anlwaye **SCS** paske yo te patisipe nan yon aksyon ki pwoteje pa Atik VI la.

**SCS** ap angaje l pou rezoud rapidman nenpòt ki erè osinon dezobeyisans de Atik VI la ke yo ta komèt. Poutèsa, yon moun dwe rapòte lepli rapid posib nenpòt ki ensidan diskriminasyon de Atik VI la, preferab nan mwens ke 45 jou de dat ke zak la te rive, bay administratè **SCS** ke yo endike kote ke swadizan diskriminasyon an te pase. Nou pap refize yon plent ke yo prezante apre 45 jou. Tout plent sou diskriminasyon pral regle seryezman e avèk rapidite.

---

<sup>1</sup> Pou entansyon règleman sa a, tèm “Moun kap Prezante Plent la” refere a nenpòt ki plent ki sipoze ke yo respekte Atik VI la, mete avèk li plent sou vanjans selon Atik VI la.

Administratè Tribinal **SCS** ke yo nonmen an dwe ekspedye plent la ke yo resevwa a lekri, oswa si pa ta genyen, voye rapò plent la ak akizasyon an, non mwens ke senk (5) jou kalandrye jou travay bay Jij an Chèf la, Jij an Chèf Lakou Siprèm la, osinon moun ke yo nonmen pou reprezante yo. Jij an Chèf la, Jij an Chèf Lakou Siprèm la, osinon moun ke yo nonmen pou reprezante yo kapab nonmen yon fonksyonè investigatè (oswa plizyè) pou envestige plent la e bay yon rapò sou sa ankèt la jwenn.

Jij an Chèf la oswa Jij an Chèf Lakou Siprèm la pral detèminen sitoutfwa kontni nan plent yo sifizan pou montre ke gen yon vyolasyon, e yo pral konfòmeman enfòmè Moun ki Prezante Plent la. Si yo deklare ke genyen yon vyolasyon, Jij an Chèf la oswa Jij an Chèf Lakou Siprèm la, osinon moun ke yo nonmen pou reprezante yo, pral jwenn de bagay pou cheche konnen si toutfwa yon vyolasyon te fèt. Jij an Chèf la oswa Jij an Chèf Lakou Siprèm la pral fè tout efò pou yo rezoud plent la nan mwens ke 45 jou kalandrye jou travay de dat ke yo te resevwa premye plent la. Si yo pa reyisi rezoud plent la nan mwen ke 45 jou kalandrye jou travay, Jij an Chèf la oswa Jij an Chèf Lakou Siprèm la, oswa moun ke yo nonmen pou reprezante yo, pral bay Moun ki Prezante Plent la yon mizajou sou nivo avansman plent la, osito sa ka posib, a lekri, sa pral enkli yon estimasyon de kilè ke yo atann yo ke sa pral rezoud. Si Jij an Chèf la pa kapab rezoud plent la, yo kapab refere li bay Jij an Chèf Lakou Siprèm la oswa bay Moun ke yo nonmen pou jwenn yon solisyon.

### **Lèt Mezi**

San kenbe kont a pwosedi sa yo, Moun ki Prezante Plent la ap kenbe dwa pou li ka jwenn lòt solisyon dapre lalwa, anvan sa, pandan, oswa apre aksyon ke yo dekri nan règleman sa a. Moun ki prezante plent la kapap chèche tou pou li prezante yon akizasyon pou diskriminasyon nan Depatman Lajistis Etazini – Divizyon Dwa Sivil:

U.S. Department of Justice  
Civil Rights Division  
Federal Coordination and Compliance Section  
950 Pennsylvania Avenue, NW  
Washington, D.C. 20530-0001  
(202) 514-3847  
1-855-856-1247 (frè gratis)  
<https://civilrights.justice.gov/report/>

**Kesyon**

Yo kapab adrese kesyon pa rapò a règleman sa a nan:

OSCA Office of Human Resources • 500 South Duval Street  
Tallahassee, FL 32399 • (850) 487-0778  
[humanresources@flcourts.org](mailto:humanresources@flcourts.org)

OSCA Office of General Counsel • 500 South Duval Street  
Tallahassee, FL 32399 • (850) 922-5109  
[OSCA-Legal@flcourts.org](mailto:OSCA-Legal@flcourts.org)